# PEDAGOGIKA ILIMLERI

## Pedagogika teoriyası hám tariyxı

УДК:371.036:17.02

# САЛАМАТ ОЙЛАЎ-САЛАМАТ ДҮНЬЯТАНЫЎ

**П.С.Абдимуратов -** *педагогика илимлеринниң кандидаты, доцент*
**Н.П.Абдимуратова –** *педагогика илимлери бойынша философия докторы*
*Бердақ атындағы Қаракалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** тафаккур, маданият, нафосат, психология, ўз-ўзини тарбиялаш, ўзлигини англаш, миллий қадрият, хулқ-атвор, нутқ.

**Ключевые слова:** мышления, искусство, красота, психология, самовоспитание, самопознание, национальные ценности, ценностная ориентация, поведение, речь.

**Key words:** cognition, culture, beauty, psychology, self-upbringing, self-consciousness, national values, behavior, speech.

Ойлаў-адам мийиниң өзине ҳәм дүньятаныўына болған мүнәсибетлерин басқарып туратуғын пикирдиң тереңлиги ҳәм тезлиги, ақыл хызмети. Ойлаў-тек адамзатқа тән қурамалы процесс. Адам қандай ҳалатта, қандай ўақытта болмасын ойлап, ойланып жасайды, ойлаў арқалы адам еркли, ерксиз, унамлы, унамсыз ой-пикирлер таллаўына түседи. Ҳәр кимниң ойлаўы индивидуал өзгешеликке ийе болып, бул өзгешелик оның ақылы, билими, ерки ҳәм турмыс шараяты менен тығыз байланыслы болады.

Психологлар, «сен өзиң ойлағандай адам емессен, не ҳаққында ойласаң сондай адамсаң» -дейди, демек, бизде не ҳаққында ойлар туўылса солар ортасындағы таласқа дус келемиз. Адамларға, әтирап-дөгерекке, ўақыя ҳәм нәрселерге болған ишки ойларымыз: кимге умтылыў, кимнен қашыў, кимге қарсы шығыў я қосылыў, жеке сыпатларымызды өзимиз бенен талқы етиў; басқалардың баҳасына көзқарасымыз; өзгелер пикири бойынша өз-өзимиз бенен диалог; ким не ҳаққында айтыўы мүмкин болған жағдайға мүнәсибет, түсиниў, интуицияға тийкарланып қараў булар бәри қандай, қалай ойлаўымыз арқалы жүзеге шығады [2].

Адам тәбийий түрде өзиниң психикасын өзи түсинип, өзи бақлап турады: не ислеўим керек, нени айтыўым керек, тынышлық па яки, жанжел шығарыў ма!, бунда: өз-өзи менен сөйлесиў, өзин-өзи исендириў, өз имканиятлары, күши ҳәм еркине исениў арқалы өзин бойсындырыў; өз-өзине буйрық бериў, тығыз ҳәм экстремал жағдайларда өзин-өзи қолға алыў, туўры жолға өзин бағдарлай алыўы; өз-өзине тәсир етиў; социал, жәмийетлик шараяттан келип шыққан ҳалда өзинде керекли установкаларды қәлиплестириў; өзин конкрет тәрбия объекти сыпатында қабыл етиў.

Психологлардың көрсетиўинше, ҳәр қандай адамның жеке өзгешелигине тән ойлаўынында сыпатламасы әпиўайы жәнe бир мәнили болыўы мүмкин емес. Ҳәр бир саналы, билимли адамның өзгешелиги мәмлекетлик, жәмийетлик ҳәм тәрбиялық әҳмийетке ийе ўазыйпаларды ойлап ҳәм әмелге асырып жүретуғынын, ел хызмети жолындағы бийбаҳа, шарапатлы ислери менен жақсылықлары жаңа әўлад, жаңаша ой-пикир ийелерин тәрбиялаўда үлги болатуғынын, ойы қанатлы, ақылы кәмил инсанларға ел, халық бәрқулла миннетдаршылық туйғысы менен жасайтуғынын ҳәр биримиз жақсы сеземиз, билемиз. Адам өзине тән ишки манометрге ийе, сол арқалы ол өзинен қаныға ма, я, өзине наразы ма билип барады, туўры баҳалаўы менен өзин ҳәр қандай субъектив ойлар, натуўры шешимлер басымынан қорғайды, саламат ойлаў-саламат дүньятаныўға ериседи.

Нәрсе яки ҳәдийселер ортасындағы ең әҳмийетли байланыслар ҳәм қарым-қатнаслар ойлаў жәрдеми менен ашылады. Ойлаў билип алыўдың шегараларын кеңейттиреди, сезимлер, қабыл етиў тәжирийбелеринен сыртқа шығыўға мүмкиншилик береди. Нормаль адамның ойлаўы сөйлеўи менен ажыралмас байланыслы болады. Халқымызда «тилиң ойыңнан аўлақ болсын», «тил- ақыл тәрезиси» [4] - деген нақыл гәплер бар, яғный, адам жәмийетте жасар екен, сөйлеў әдебине итибарлы болыў керек екенлигин, ойына келгенин айта бермеў, ойланбай айтылған сөз басыңа бәле арттыратуғынын билиў, өзиңе де, өзгегеде зыян жеткизетуғынын итибарға алыў керек деп, сөзиниң көрки менен инсанның жәмийетте өз орнын табыўы, адамлардың ҳүрмет-итибарына ийе болыў бахтына ерисиўи тәмийинленетуғынын ескертеди.

Ҳәр бир халық келешек әўладқа өзиниң турмыс қәлпи, үрп-әдет, дәстүрлеринен туўылған ақыл-нәсият сөзлерин мийрас етип қалдырады: “өзиң жас болсаң да-сөзиң ғарры болсын”, ”бүгин айтажақ сөзинди ертең айт, ертең ислейжақ исиңди бүгин исле”, “бир аўыз сөз бенен ғам түсер басқа, бир шымшым дуз бенен дәм кирер асқа”, “таўды-тасты жел бузар-адамзатты сөз бузар”, “суў тасты жарады-сөз басты жарады”, “таяқ еттен өтеди-сөз сүйектен” , “адам сөзинен байланады, мал шақынан” [1] - деген, ҳикметли, ақыл-нәсият сөзлер мәнәўий байлық, инсан нәсилине сабақ, мәңги шақырық болып турады.

Инсан өмиринде ҳәр бир сөздиң орны, әҳмийети, салмағы болады. Сонлықтан да данышпан, ата-бабаларымыз инсанның сыртқы көриниси гөззал болыўы қанша әҳмийетли болса, оның сөйлеў әдеби оннанда гөззал болғаны жақсы, себеби, еситкен адам сөздиң гөззаллығынан, туўрылығынан заўықланады, оған деген ҳүрмети, муҳаббаты күшейеди,-деп мәслəҳәт береди.

Адамның барлық психикалық өзгешеликлери сөйлеў арқалы көринеди. Сөз тәсир көрсетиў хызметин атқарады. Бизиң сөзимиз кимге қаратылған болса, сол кисиде талап, ҳәрекет, умтылыў туўдырыў, оның пикирин биз тәрепке бурыў, өзимиз туўралы ойлаўға мәжбүрлеў туўылады. Сөз арқалы биз басқаларда қуўаныш, қорқыў, ғәзеп, руўхланыў пайда етемиз. Халқымыздың «мал ийесине уқсайды» деген салыстырыўындағыдай, ҳәр бир адамның сөзи өзине уқсағанлығы менен ажыралып турады [5].

Әтирапымыздағы ҳәр күнги миллион-миллион адамлар менен сөйлесиў барысында кейпиятымызды бузыўшы қәтелер ҳәм жаңылысыўлардан аўлақпан,-деп айтыўымыз қыйын, себеби, ҳәр бир адамның минез-қулқы адамлар менен болған сөйлесиў барысында жоқары дәрежеде, өткир түс алып, басқалардың ишки дүньясына, қарым-қатнасына, турмыслық хызметине үлкен тәсир тийгизеди. Уллы ойшыл, философ Иоганн Гёте «минез-қулық ҳәр кимниң жеке келбетин көрсететуғын айна»-деген еди. Демек минез-қулық өзимизге, бир-биримизге болған мүнәсибетимиздиң қандай болыўына, өз ара түсинисиўимизди жеңиллестириўге яки, шийелестириўге, келиспеўшилигимизди кемейтиўге, яки көбейтиўге, кеўлимизге, руўхый дүньямызға болған ҳүжимлерден сақлаўға яки ҳәўиж алыўына тәрбияланғанлығымызды көрсетиўши пазыйлет [4].

Саламат ойлаў- саламат дүньятаныў жеке адамның баркамаллық дәрежесин сәўлелендириў менен бирге жәмийетлик қәдирият есапланып, ҳәр қандай жоқары мәнаўиятлы, инсанның өзлигин, өзгешелигин

аңлатып туратуғын жақсылық ҳәм жаратыўшылық өлшеўи ўазыйпасында өтейди. Инсаniyяттың жаратыўшылық тарийхынан сол нәрселер мәлим болмақта, үлкен илимий ашылыўлар, философиялық ой-пикирлер, илимий теориялар уллы инсанлар тәрепинен жәмийетлик ойлаўдың нәтийжеси сыпатында, ерксиз ой кешип турған мәҳәлде, тосаттан дүньяға шыққан. Мәселен, грек алымы Архимедтиң салыстырма аўырлық нызамы күтилмеген жағдайда, ваннада шомылып турған пайытында ойынан туўылып ашқаны, уллы рус алымы Д.И.Менделеев химиялық элементлер таблицасын жумыс столында шаршап уйықлап атырғанда, түсинде бул элементлер таблицасын системаластырғаны ҳәм уйқыдан оянып бир бет қағазға түсинде көрген таблицаны көширип жайластырып қойғанын күшли ойлаў ҳалатының ҳүким сүриўи, анық объектке қаратылған ақыл күшиниң нәтийжеси деп баҳаланады. Президентимиз Ш.М.Мирзиёев: "өмириңде ойлаған мақсетиңе ериспекши болсаң, тек әрман етпе, сол нәрсеге айлан, сол арзыў менен уйықла, сол арзыў менен оян. Бар дыққатыңды, ойыңды ериспекши болған нәрсеңе қарат, усы арзыў ойың саған тынышлық бермесин, әне сонда әлбетте ерисесең,"- деп инсан қәлби ҳәм ойының мақсетке ерисиўиндеги әмелий ҳәрекетлерин қоллап-қуўатлайды.

Адамның жақсылық ҳәм жаманлыққа, жаратыў ҳәм қыйратыўға бағдарланған пикирлеў, пәмлеўи ең дәслеп оның ойында пайда болып, буған барлық ўақыт философлар, алымлар айрықша итибар берип келген ҳәм булардан туўры шешим, туўры жуўмақ шығарған. Буннан үш мың жыл алдын жаратылған әййемги Авесто тәлийматындағы «жақсы ой, жақсы сөз, жақсы ис» идеясы да бизиң бүгинги руўхый дүньямыз бенен үйлесип, саламат ойлаў-саламат дүньятаныўымыздың қүдретли дереги болып турады.

Уллы шайыр, тереқ ой-пикир ийеси Бердақ бабамыздың ел, халық ушын қәдир-қымбаты қунлы, идеялық мазмунга бай қосықлары ҳәр бир адамға руўхый күш-қүдирет бағышлайды.

Ойлы жигит жақсы, билимпаз келер,
Айтқан гәплериңе түсимпаз келер.
Ақылсыздың қәсийети аз келер,
Ақмақлар ҳеш хызмет етпес халық ушын [3] -деген

даналық сөзлердиң мәниси, маңызы адамның ишки ҳәм сыртқы руўхый дүньясының бирлигин, сөзи менен исиниң сәйкеслигин, адамларға ҳәм жәмийетке шын кеўилден мүнәсибетин келтирип шығаратын ақыл-ойдың артықмашлығын көрсетип турады.

XXI әсир талапларына толық жуўап беретуғын, ҳәр тәреплеме раўажланған келешек әўладты тәрбиялаў- ҳәзирги күнниң ең әҳмийетли ўазыйпасы. Жаслар ақыл-ойын биз ушын жат болған, диний, экстремистлик ағымларынан, улыўма мәдениятлылық қәўпинен, турмыс тәрзимизге жат болған түрли зыянлы әдетлер ҳәм идеялар тәсиринен таза сақлаў ҳәр биримиздиң әдиўли ўазыйпамыз есапланады.

**Әдебиятлар**


1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. –Нөкис: 1988.
2. Каримова В.М. Мустақил фикрлаш. -Т.: 2000.
3. Әдебият хрестоматиясы. –Н.: «Билим», 1992.
4. Ғозиев Э. Муомола психологияси. -Т.: 2001.
5. Содиқова Т. Сўз сеҳри. -Т.: «Davr press» 2009. 56-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада инсоннинг ҳар кандай шароитда ҳам тафаккур қилиши, ўз-ўзини назорат қилиши, ўзлигини билиши тарбияга йўналтирилган бўлиб, инсонни ташқи, эстетик ва ижтимоий қадрият сифатида ўрганишни тақозо қилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье анализируется процесс мышления человека в различных ситуациях, процесс самоконтроля, процесс самознания направлен на воспитание человека, а также человек изучается как внешний, эстетический и социальный фактор ценностей.

**SUMMARY**

The article deals with analysis of human cognition in different context the process of self-control, self-consionsness direct on upbringing of human being, moreover human is studied as an external, aesthetic and social factor of values.


## ЭВОЛЮЦИОННОЕ РАЗВИТИЕ СОЗДАНИЯ ЭЛЕКТРОННЫХ ЗВУКОВ С ПОМОЩЬЮ ЦИФРОВЫХ ТЕХНОЛОГИИ


**Г.Абылова** – *доктор философии (PhD) по педагогическим наукам*
*Каракалпакский Республиканский центр переподготовки и повышения квалификации работников народного образования*



**Таянч сўзлар**: мусиқа, композиция, компьютер, дастур, компьютер технологиялари.
**Ключевые слова:** музыка, композиция, компьютер, программа, компьютерные технологии.
**Key words**: music, composition, computer, program, computer technology.


Ноты – это алгоритм или программа действия для музыканта. Для того, чтобы синтезировать музыку с помощью ЭВМ, необходимо также иметь алгоритм или компьютерную программу. Охарактеризуем кратко этот процесс.

Датчик случайных чисел – закодированных нот – предлагает одну ноту за другой. Каждая из них как бы пропускается через фильтр, которым служит набор запрограммированных правил композиции (или база данных и своеобразная экспертная система). Если нота удовлетворяет этому набору, она помещается в нотную строку, если нет – отбрасывается и в место нее предлагается другая. Итак, до тех пор, пока не будет получена окончательная композиция, которую можно отпечатать на бумаге или воспроизвести в звуке. Это общий принцип, используемый во всех программах, «сочиняющих» музыку на компьютере, а также во всех компьютерных «Моделях творчества». Различаются программы набором правил – фильтром, который определяет эффективность моделей и качество результатов [1:56].

Рассмотрим некоторые особенности работы композитора с компьютером, характерные для начального периода зарождения компьютерно–акустической музыки и имеющие важное значения для развития компьютерной и алгоритмической музыки:

- Композитор мог осуществлять запись, редакцию, прослушивание и печать партитуры с помощью компьютера;
- Композитор записывал основные темы и поручал компьютеру некоторые типовые алгоритмы развития: транспозиции, имитации, мелодическое развитие, варьирование и т.п. Алгоритм указывает на такт трансформации их глубину, динамику, последовательность и объем создаваемых фрагментов. Поскольку алгоритм является законом, по которому какое либо действие разлагается на простейшие последовательные операции, то ясно, что конечный результат зависит от того, как это правильно составлен автором. Полученная таким образом партитура